

Kanpe Pwopagasyon COVID-19 la

Mete yon mask oubyen yon pwoteksyon figi

Toujou mete yon mask oswa yon pwoteksyon figi lè w deyòan piblik – menmsi ou deyò. Ou ta ka enfekte ak viris COVID-19 la, ou pa gen okenn sentòm epi ou enfekte lòt moun kanmenm. Mask yo kapab ede anpeche viris la pwopaje. Mask yo pwoteje lòt moun.



Lave men w anvan pou w mete mask ou epi apre ou retire l. Pa manyen devan mask la. Kenbe li sèlman nan bouk pou pase dèyè zòrèy ou oswa nan fisèl atach yo.



Mete mask la yon fason pou l kouvri nen ak bouch ou. Tire anba mask la pi ba pase manton ou. Ajiste li jiskaske li adapte byen sou toulede bò figi w. Mask ou pa ta dwe anpeche w respire.



Pa bliye, mask ou dwe kouvri nen ak bouch ou tout tan.